

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

## JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT.

J. KATS. M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d. k. Juni f 3.—  
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngêtèng . . . 0.30  
 Pangaoes samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . 20.—  
 Satengah katja . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, Saparapat katja . . . 7.50  
 dina sakali kaloeär.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

### Eusina P. S. No. 9

- |                                    |            |
|------------------------------------|------------|
| 1. Orang Badoej . . . . .          | katja 129. |
| 2. Asal moeasalna . . . . .        | " 130.     |
| 3. Agamana . . . . .               | " 131.     |
| 4. Poeoen . . . . .                | " 135.     |
| 5. Hoema serang . . . . .          | " 136.     |
| 6. Kawaloe . . . . .               | " 136.     |
| 7. Wawatjan Babad Galoeh . . . . . | " 144.     |

karoehoenna, ti baheula toeg tepi ka kíwari.

Nanging, sanadjan èta ketjap Badoej, parantos kaoetara ka mamana ogè, sakalieun ngaranna, manawi ari kana loma enja kana kaajaan djelemana mah, nja reâ anoe teu atjan, da poegoeh tempatna sakitoe sikloek na, sareng arang langka anoe soemaba liar ti padoemoekanana.

Soegri anoe parantos ngoembara di Banten babakoena di Sérang atanapi Rangkas, kawas moal boa, tangtos parantos djongok sareng Badoej teh, margi šok aja oetoesan (ondangan) Badoej anoe daratang ka Serang, dimana Kangdjeng Dalem ajéuna pèpèstaan. Ningal tagog, lègèg sareng adeg pangadegna moenggoeh oerang Badoej mah, lain-lainna deui sareng oerang pasision noe lian, teu aja di maranéhanana mah pajangkad-pojongkod kajap-kèjep pangbaroeng doesoen teh, ieu

### Oerang Badoej.

Sadajana ogè tangtos parantos ngadangoe, jén di pakidoelan tanah Banten aja pagoe-noengan anoe ditjitjingan koe oerang Badoej, nja eta bangsa oerang, noe toehoe sarta keukeuh pageuh njekel agem-ageman talari

Puisi. 116

mah èstoe djedjeg, njata naker djelema weuteuh anoe tatjan karandapan hama pangropèa deungeun teh; tjatjak saendengna saba leuweung, arang mantra mantra ka nagara.

Dina rap-rapanana makè, èstoe sahinasnau teu reunanjeum koe anoe matak sareukseuk; teu aja, basa kokoro njènang njokor naring-nang tjara ilaharna oerang paminggir teh, ieu mah sawadjarna saplasna soeroepanana baè. Samping, badjoe, djeung totopong tinoenan tèa, boh bodas boh boelao, èstoe merenah lain beunang toetoeroeti, moen kai mah poeloekan, atjan ratja koe tapak ngadékán batoer.

Soepados èbrèh katingali sadajana, mangga ajeuna oerang wajangkeun, tjoetatanana tina babon tjarios boekoe karangan toean Dr. Jul. Jacobs sareng J. J. Meijer, anoe parantos naloengtik kaajaanana Badoej tèa. (Bat Gen. XXI 1512.)

### Asal-moeasalna.

Oerang Badoej tèh kawasna moal lepat deui asal oerang Padjadjaran, anoe kalaboer ngantoenkeun karaton nalika dajeuh dirandjah koe balad Islam.

Nagara Padjadjaran, dajeuhna karadjaan Bramaija-Maisa-Tandraman (saoer Dr. Blume) ajana di palebah Bogor ajeuna. Wewengkonna sakoeliah Pasoendan, ti Banten dongkap ka wètaneun Tjirebon. Oerang Tjirebon koe-doe majar oepeti tarasi oenggal taoen. Anoe njepeng kakawasaan di Banten alam harita pangkatna Poetjoek-Oemoen ieu teh sanès djenengan, tapi ngaran kaloenggoehan: hartina: kapala noe dipigoesti, sadérèk (poetra) Preboe Siliwangi Radja Padjadjaran panoe-toep.

Dina katompérnakeun windoe ka lima welas, sareng dina wiwitan windoe ka genep-welas, agama Islam njaliara ti Soenda. Tjirebon Banten sareng basisir kalèr parantos rragrag kana kakawasaan Soenan Goenoeng Djati; bawahan Padjadjaran kasosok ti Koelon ti Wétan ti Kalér sareng ti Kidoel, dikepoeng boewaja mangap. Barang parantos singget, njangkéwok kantoon tengahna, nembe dajeuh Padjadjaran diroeroeg koe balad Banten.

Anoe djadi Sènapatì Padjadjaran djeneng-nana Praboe Sèdah poetra Siliwangi, kaoetoes mapag moesoh noe ngaroeroeg. Nanging kadèséh kapaksa moendoer. Kangdjeng Preboe Siliwangi sareng sadaja eusi karaton anoe toehoe satija ka radja, lolos ngantoenkeun nagara, sedih tanpa tanding ngoengsi tepis wiring, ngorang leuweung loewang-liwoeng, njalindoeng di goenoeng Kendeng, njingkahan bahja salira.

Berejek oerang Islam nempoeh dajeuh, ngarandjah eusi nagara, nanging kadaton kasondong geus kosong.

Kangdjeng Preboe Siliwangi sabaladna mabakan di goenoeg singkoer mandala singkah anoe taja petana kasaba koe djalma lian, nja èta di Tjibèo Tjikertawana, anoe nelah diseboet koe oerang ajeuna Badoej tèa.

Anoe djadi saksi sarta ngaenjakeun kana toetoeran anoe bieu, lian ti raratan sadjarah, sareng dongèng-dongèng sasakala, (Tingali P. S. No. 7), aja deui nja èta noemoetkeun papajan dina tjarita-tjarita pantoen, tjarita anoe natrat teu aja pegatna di kolot di boedak di awèwè di lalaki; teu aja deui anoe djadi sendèn kalémèkan, ngan Padjadjaran katjapanganana; Siliwangi anoe djadi poe-poehoenan, moenggoéh di oerang Badoej mah.

Oerang Badoej tarabahna kana pantoen, kana manteen tèh lantjar ka tjarita tjaritana digalantangkeun apal sagala djelema, kawas langkoeng ti bangsa Djawa kana wajang.

Doepi pok -- pokanana pantoen, Badoej; boh tjaritana (lalakonna) boh basana atawa haleuangna, teu aja bénenna ti pantoen di Priangan atawa di Soenda noe lian. Ningal ka dinja tètèla Priangan sareng Badoej teh pada sapalajangan asal Padjadjaran tèa. Komò oepami nilik kana angkeuhanana, angkeuhan Soenda anoe biasa, koe sapagodos pisan sareng oerang Badoej, nja èta pada ngarep... ngarep Ratoe Soenda, anoe bakal loemoengsoer ti Kahijangan ngadeg Radja Kasoendaan, moerba di sadjagat Soenda. Tjeuk oerang Badoej, anoe baris rawoeh ngageugeuh Soenda tèh taja lian djabat Siliwangi, ratoe Padjadjaran paneetoep anoe langgeng teu keuna koe adjal tèa, oekoer pindah alam kana ngahijang heula, engkèbakal toemoeroen deui ka lahir ngagelar bandéra Soenda, tjenah.

Tjindekna oerang Badoej mah soemoe-djoedna ka Padjadjaran têh éstoë pageuh soemarambalî dina njawana soemerep kana getihna, éta djadi tanda anoe ngaenjakeun kana asalna téa Malah aja tambahna anoe nètèlakéun tiblatna atina ka Siliwangi, kieu: Dina hidji mangsa Soeargina Kangdjeng Boepati Rangkas Radèn Adipati Soeria Na-ta Ningrat angkat ka Badoej, sareng sareng toe-an Meijer anoe nalika harita djadi Kontrolir.

Oerang Badoej nampana djeung pangakoena ka Kangdjeng Boepati têh. ih biasa ka sasamana baé mimitina mah, teu aja pisan bédana. Kabeneran aja hidji oerang Badoej anoe djadi kokolotna, ngaranna Ki Djasma, keur ngararioeng têh pok naros ka Kangdjeng Dalem naroskeun ti mana asal — oesoelna, toeroenan saha; teu euleum enleum ngedalkeun kapanasarananana têh. Koe Kangdjeng Dalem paralak ditjarioskeun jén andjeunna toeroenan Tjiandjoer, sarta ladjeng ditataan roendajanana mapaj ka poehoe, doegi ka Preboe Siliwangi, anoe ngasta karadjaan Padjadjaran.

Ki Djasma bengong hookeun ngoepingkeun toetoeran Kangdjeng Dalem kitoe têh, meureun teu ngira teu njana, sarta satoetasna Kangdjeng Dalem ngadawoeh kitoe, kélèsèd Ki Djasma toeroen, sarta geledeg baé loempat njampeurkeun batoer-batoerna, hariweus-weus aléwoh njaritakeun dawoohan Kang-djeung Dalem téa.

Sapada harita broel baé Badoej-Badoej anoe sédjén têh pada „ngadeuheusan,” anoe tadi api lain teu barang piroséa têh, ari geus ngadèngé jén éta tamoe toeroenan Siliwangi mah, rob baé *ngaronom* pating solondo darioek, padesek-desek èbréh dina benugeutna sari adjrih, bangoen sono bangoen deudeuh, sawarèh mah marahmaj bawaning boengah; hih semah anoe sedjén mah geus teu dihiding, ieu baé geugeut ka Poetra Padjadjaran téa.

Tah sakitoe mitoehoena goemoestina ka loe-loehoerna, moenggoeing oerang Badoej mah.

Naon margin aoe mawi éta djelema-djelema diseboet Badoej, apan ari enjana mah bangsa oerang, pitoein oerang Soenda asal Padjadjaran?

Tah, kana raratanana pang dipingsalkeun kitoe, nepi ka siga misah bangsa ti anoe

lian, geus rëa anoe maparin katrangan. Tjeuk sawarèh, éta ketjap Badoej têh tina asal ngaran tempatna di dinja Tjibadoej, pedah ajana deukeut ka hidji waloengan anoe ngaranna Tjibadoej.

Tapi kawasna, éta mah waloengan boga ngaran kitoe têh, pandeuri, sanggeus djelemana oerang dinja disareboet Badoej téa.

Tjeuk sawarèh deui Badoej teh asal tina ketjap *Boeda*, anoe lila-lila robah sorana djadi Badoej.

Ieu ogè teu soeroep kana lelembongan, ari lantaranana, naha aja robah sora soso-ranganan, apan ketjap Boeda dina *agama-Boeda, djaman Boeda*, dj. s. t. geuning teu robah djadi Badoej?

Aja deui anoe maparin katrangan, madjar asal tina ketjap *Badoejoet*, pèdah aja tangkal badoejoet, tjenah, dí lemboer atawa kam-poeng anoe ditjitjingan koe oerang Badoej têh.

Nanging da éta ari maranehanana pribadi mah henteu boga ngaran lemboer Badoej, da pademoekanana mah lain kitoe ngaran-na, teu aja oeroet-oeroetna atjan lemboer anoe boga ngaran lemboer Badoej mah.

Djadi kawasna tétela éta mah ketjap Badoej têh painojok oerang Islam, pèdah teu anot ka agama Rasael; toeloej bâè dieunteupkeun ka bangsa Arab di Mekah, anoe sok ngagalak-sak di sahara téa, anoe biasana diraseboet Badoei. Tina Badoei ana pindah kana lètah Soenda djadi Badoej. Ari éta Badoej têh, asal tina ketjap *Badoe*, atawa *badau*, hartina: sagara keusik. Djadi Badoei têh, tegesna: *oerang sagara keusik*.

## Agamana

Tangtos pisan koe sadaja ogè oedjoeg-oedjoeg kagalih baé, jén oerang Badoej têh agama Boeda, nja éta agèman oerang Padjadjaran samèmèhna kalindih koe Islam.

Nanging oepama koe oerang éta anoe oeninga ngedalkeun ketjap Boeda téa diseser koe pananja; koemaha téa agamana têh?

.... Tah pikeun nalangan anoe koedoe ngawalon éta, perloe oerang dadar koemaha agemanana Badoej ajeuna.

Oerang Badoej boga sahadat sorangan panjangtjang imanna. Maranèhanana pertjaja jè „*hiroep*” djeung *lara-bagdiana* teh, éta

kapoerba koe anoe wisesa, nja èta daja anoe teu kahontal koe nétra. Soegri anoe koemelip teu aja anoe ingkar tina kawasana maha wisésa téa. Nja ieu anoe koe oerang Badoej dipoedja disembah-sembar; ilaharna di dinja digelar **Batara Toenggal**, ngandoeng harti Pangéraran anoe teu doea teu tiloe, moerba di rat djagat wawajangan.

Harti, toemerapna rasa kana éta sesem-bahan, teu bina ti bangsa lian, sapatotos teu géséh ti anoe sédjén, malah koe sapalih oerang Islam dihaminan, iman Badoej ka Pangéraran, njata teu mi-Allah doea.

Tapi . . . . nadjan poko anoe djadi harti maranéhanana kitoe, enja pada njakséni jén éta anoe Kawasa téh lain maoedjoed anoe nembrés djoenggerengna, ngan koeman-dang dina tjipta, jén njata wisésa tea, ka-wasa ngamoedi hiroep djeung hoerip, moerba soegri noe goemelar; tapi tah sanadjan kitoe . . . . da loembrah harti koedoe goeroe boekti téa, moenggoeh 'koe anoe miboga éta agem-ageman, toeloej baé diwoe-djoedkeun, dianggap boengkeuleuk aja ragaan, tjara kahanan manoesa.

Lantaran ka dinja dilojogkeunana, pagah Batara Toenggal téh djelema, aja katjoea kasoeka, malah antékna mah maké katerap koe djoerig koeris sagala, toeloej baé diga-roegoe ditarroe, emboeng ditjatjaran da Batara Toenggal gé henteu, tjenah.

Tina anggapan ieu, nja ngaroendaj kana adat patjadoean, naon-naon anoe tara djeung henteu karandapan koe Batara Toenggal, moeggooeh di Badoejna djadi „boejoe“, toe-merap dina kapertjajaan pageuh teu beunang diobah.

Batara Toenggal tara toempak koeda; oerang Badoej boejoet (tjadoe) deui, komo ari kana toempak kahar mobil karéta api mah, da Batara toenggal teu oeninga-oeni-nga atjan. Eta margina anoe mawi oerang Badoej mah réa pisan patjadoeanana, *teu wasa* basana kana naon-naon anoe djadi pantrangan téh, saperti kana: matja, noelis, saré dina randjang, toetoempakan, maké papakéan sédjén, dj. s. t. kabéh teu wasa, tjenah.

Lantaran Batara Toenggal geus aja dina sangka mangroepa djelema téa, nja toeloej diroendajkeun apoepostra apoepostra, nepi ka ragrag ka Poeoen.

Poeoen Tjikeusik kakara 13 toeroenan ti Batara Toenggal, kieu salsilahna:

1. Batara Toenggal, poepostra Batara Patamdjala, apoepostra. Dalem Djanggala, ditéma koe Aki Heulang Ngambang, toeroen ka Poeoen Kaisbah, toeroen ka Poeoen Sadan. Poeoen Sanika, Poeoen Manggèr, Poeoen Raji, Poeoen Dongget, Poeoen Waksir, Poeoen Tarsi, nja ana ditéma koe Poeoen Djarmah, Poeoen Tjikeusik dina taoen 1891, ari Poeoen anoe ajeuna anak atawa intjoe èta.

Ari Poeoen Tjibèo toeroenan ti *Dalem Poetih* poetoe Batara Toenggal anoe istri.

Poeoen Tjikartawana nja toeroenan Batara Toenggal kénèh, ti poetra anoe djenengan *Dalem Legoendi*. Djadi dina *hartina*, Batara toenggoel téh anoe moerba saalam doenja téa, koengsi ngaraga manoesa sarta dina mangsana keur-djoemeneng, atoeh nja toe-ang, koelem, tani, kagoengan garwa, kagoegan poeta, sok dagang biasa oesaha *dje-lema* baé, sarta sok gering katerap panjakit deui, ari toengtoengna . . . poepoes, moelih ka . . . . *Batara Toenggal* kénèh. Kitoe dina imanna.

Kadjabi ti pertjaja ka Batara Toenggal, maranéhanana pertjaja ka Sang Hijang-Sang Hijang anoe pada karagoengan geugeuhan. Oenggal lemboer, oenggal goenoeng pada aja Sang Hijangna.

Ari paloenggoehanana èta para Hijang téh teu tebih ti dinja. ajana di deukeut sirahna waloengan Tjioedjoeng djeung Tjisimeut (Tjiparahijang) anoe ngaranna geus kawentar diseboet: **Artja-domas** téa.

Artja-domas téh dianggap koe oerang Badoej tempat soetji, anoe bëh ditoeueun soetji, anoe dipoendjoeng dipoeesti-poesti. Aja naon di Artja domas téh, djeung koe-maha kaajaanana di dinja téh?

Eta Artja domas téh hidji tempat di tengah leuveungloewoeng-liwoeng, mèh teu beunang disaba koe djelema, dalah oerang Badoej ogé ari lain dina mangsana maht eu meunang daratang ka dinja, ngan sakali sataoen dina boelan ka 5 ka dinjana, arèk ngaber-sihan èta tempat, kitoe ogé koedoe bari memendekan.

Dina boelan Djoeli tanggal 5 taoen 1864 toean Koorders geus soemping ka Artja domas, sarta njarioskeun pamendakna kin-tien-kinten kieu:

Djalan ka Artja domas, mapaj lebak njoe-kang djoengkrang anoe garoerawès, nepi ka koedoe poentang kalong, ngaliwat leuweung geledegan anoe pinoeh koe kakajon anoe geus djaranggotan. Sakapeung kapaksa ngaraas njoektjroek njoektjroek waloengan.

Oenggal taoen dina boelan Kalima, tanggal 17 na. Poeoen Djeung batoerna dalapan djelema lalaki kabèh daratang ka Artja domas, koe-doe ngabersihan djeung ngoméan naon-naon anoe roeksak, tapi kabèh dipigawéna, koedoe koe leungeun Poeoen pribadi, teu meunang koe noe lian. Di dinja ngarereb 2 peuting. Dina poè ka doeana sidekah di „talahan“ (hartina: balandongan atawa elos, adegan hateupna awi beunang meulahan).

Di dinja aja sababaraha „pètak“ rèana aja 13 pètak aja noe gedè aja noe leutik petakanana.

Sakabèh pètak tèa ngoedjoer ti Kalèr ka Kidoel. Dina pètak ka hidji aja batoe-batoe dihoenjoed-hoenjoedkeun pinoeh koe loekoet, sarta dina lolongkrangna dipelakan tangkal *dengkir*. Ieu pètak tétèla koeboeran (makam).

Pètak ka doeaa rada heureut, kosong teu aja batoe atawa naon-naon

Pètak ka tiloe gedè, bangoenna pasagi, aja lima makam. Djeung di dinja aja batoe nangger (lingga?) rada dojong pinoeh koe loekoet.

Pètak noe ka opat ka lima, hareureut laleutik sarta teu aja eusina.

Pètak noe ka genep, gedè. Di dinja aja: *Sasaka pakoembahan teu dièhen* (daèkeun?) *saat*, bangoenna boeleud (djadjambaran atawa djambangan paragi sibano) anoe *djadi koe manèh* pinoeh koe loekoet. Di deukeutna aja doeaa makam paësanana (toetoeng-goelna) nangger ditangtoengkeun.

Pètak ka 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13 laleutik sarta kosong teu aja eusian.

Ieu Artja domas kalingkoeng koe Tjioedjioeng, ari beulah Kidoelna djoengkrang anoe loengkawing pisan.

Ajeuna kantoen naloengtik, makan saha èta tèh, naha makan karoehoen oerang Badoej baè, atawa nja di dinja makamna *Praboe Siliwangi* djeung eusi karaton anoe lolos ti Padjadjaran tèa?

Oerang Badoejna ngan nerangkeun jèn èta tempat tèh pangantjikan para Hijang djeung njawa anoe geus sah ti doenja anoe.

aja dina rahmatna *Batara Toenggal*. Ari èta koeboeran — koeboeran tèh, makamna loeloechoer Badoej anoe djenenganana *teu meunang* diomongkeun. Tapi ningal raratan sareng katrangan anoe sanès, moal lepat kawasna *Praboe Siliwangi* anoe panoetoep djeung sabaladna (eusi karatan) anoe lolos ti Padjadjaran téa, ngan teu meunang diseboet djenenganana ari koe oerang Badoej mah.

Artja domas tèh ari koe oerang dinjana mah sok diseboet *sasaka para poesaka* deui

Noémètkeun katrangan Prof. Veth, Artja domas tèh hartina: koempolan 800 artja.

Oerang Badoej teu ara soemaba kaloearti lemboerna, saoemoer-oemoer oeloekoetek di wewengkonna baè. Nja radjeun aja anoe kapaksa liar, lamoen katjida perloena; saperiti balandja ka pasar (kana ondangan Pangaoelaan Sérang atawa Rangkas).

Ari awèwè djeung baroedak mah henteu pisan meunang liar, salah ingkah ti lemboer njaba ka papada Badoej deui, lamoen ngen dong mah teu meunang.

Djadi tjindékna oerang Badoej mah ngahadja misah ngadjaoehan *deonia*, ngahadja *tata-pa* misahkeun manèh ti anoe rèa, ngoeroengan atawa ngoeboer manèh hiroep-hiroep tèh saenjana.

Eta patempatan keuna pisan lamoen diseboet *patapan*, atawa ningal sarèatna, enja moen dibasakeun *koeboeran djelema hiroep*. Ari margina, lemboerna téh *kampoeng djerona*, teu béda ti makam, sakoeralingna dikoe-beng koe tatangkalan anoe biasa koe oerang kapanggih di padjaratan, ieu téh minangka bèntèngna, aja èta koe tangkal: *Handjoeang beureum, katomas (poering) gandaroesa, wera handeuleum beureum, salak djeung doekoeh*.

Ajeuna djol baè kapanasaran oerang, hajang néangan katrangan, naon sababna noe matak oerang Badoej hiroepna kawas anoe *tatapa*? Naon sababna noe matak mantrang soemaba sarta ninggalkeun sagala kasoeikan doenja? Naon sababna noe matak lagoelagoena djeung kawih-kawihna, bet anoe sakitoe matak nalalangsana anoe matak saredih baè, malah tatabeuhanana ngan oe-koer katjapi? Naha naon anoe djadi marga lantaranana?

Sakoemaha anoe parantos kacoengel tadi di loehoer, oerang Badoej téh agamana Boeda, anoe biasa sok ngagedékeun tatapa téa.

Dina agama Boeda aja pantrangan anoe diseboet *dasa sila* sareng *pantja sila*, hartosna **sapoëiech** (atawa lima) *tjegahan* noo djadi *oegeran lakoe*.

Nja éta koedoe nékadkeun:

- 1 Moal megatkeun njawa noe lian.
- 2 Moal mibanda pangaboga noe lian.
- 3 Moal linjok moal bohong.
- 4 Moal miroetjaan kana inoman noe matak mabok.
- 5 Moal midoea hati ka noe sédjén.
- 6 Moal barang dahar dina waktoe anoe kakoeroeng koe peuting.
- 7 Moal maké kekembangan djeung seu-seungitan.
- 8 Moal ngagenah-genah geusan saré, rék ngagolér dina samak.
- 9 Moal njoekakeun hati koe igel, koe gamelan, kawih atawa tembang, djeung koe ria-ria toenil.
- 10 Moal maké emas atawa salaka.

Tah ieu *dasa sila* aja kénéh di oerang Badoej, nadjan geus aja rebahanana henteu sabinasna pisan, tapi sipat anoe araloësna perbawa éta oegeran, napel pageuh teu laas keuna koe moentah.

Kana peupeuntjitan pokoa *boejoet*, nja kitoe deui kana dahar daging bagong, koeda, sapi djeung salianna, tara, da tjadoe, kadjabé mentjek, peutjang djeung oentjal. Kitoe ogé tara dipeuntjít kalocar getihna, sapaéh-paéhna koe gegendir atawa pameupéu baé, djeung lain sakama-kama meunangna dahar daging éta agé, aja waktoena.

Aja ogé anoe sok didalahar sagawajah nja éta: *sigoeng* (tjeuk oerang dinja mah: *sogoeng*), *lalaj* (madjarkeun teh: *manoek leuleus*, tjenah), djeung laoek tjai.

Koemaha ari kana bohong atawa mipit teu amit, ngala teu ménta, tjoeraling sok pandjang leungeun?

Djadjaeheun oerang Badoej mah; teu wawoeh djeung akal ékol pangarahan téh, ieu mah éstoe nilas saplasna ngadék sa-tjékna. La'moen aja anoe kanjahoan tjoeloe-nan tjelenoen, geus teu pandjang tjarita deui koedoe harita kénéh ditoendoeng, toeloëj dipitjeun ka hidji tempat minangka pangboeanganana.

Kana tjalanas tjolonas ka anoe lain hadasna, *teu njaho* oerang Badoej mah, teu aja anoe kitoe téh, éstoe dipangkring koe pantrangan anoe kereng pisan, bisi njolédat kana lampah karinah. Toemerap dina adatna, awéwé anoe geus boga salaki, teu meunang koeloetjas keletjis hoeroewas-haréwos tjarita djeung anoe lian.

*Kasoekaan* ngan woengkoel mantoen, tapi kawas lain riâ-ria pangbeberah goang, ieu mah ngawawaas ngekelar manéh, ngébreh-keun kanalangsa haté, tawis sedih peurih ati; ras ka alam Padjadjaran, waktoena eukeur loehoeng pinoendjoel; njarita dibasroeng hariring di selang kentroeng katjapi.

Radjeun sok aja noe *ngangkloeng*, tapi lian ti éta mah teu aja

Lemboer oerang Badoej téh aja doea roepa, nja éta hidji anoe biasa diseboet *kampoeng djero* atawa *kadjeroan, tanah larangan*, djeung ka doea: *kampoeng panampung*, atawa *kalocaran, kampoeng loear*.

Anoe diseboet kampoeng djero, aja tiloe loewoek, nja éta: lemboer *Tjikeusik, Tjikartawana* djeung *Tjibéo*, hidji-hidjina dikoeta koe bénténg tatangkalan anoe biasa kapendak di koeboeran. Djoemblahna oempi (huisgezinnen) dina ieu anoe tiloe lemboer teu meunang leuwih ti 40 koeren (éta téh lain dina hidji lemboer, tapi di anoe tiloe téa). Djiwana mah di kampoeng djero téh leuwih ti 40 koeren, sabab randa djeung baroedak mah henteu kaitoeng (Dina mangsa toeán Meijer soemping ka dinja, djoemblahna oe-rang kampoeng djero téh aja 184 djiwa).

Oepama salah sahidji oempi ti anoe 40 téa aja anoe maot éta koedoe geuwat di-gantian koe anoe geus koerenan ti kaimpoeng loear, bawahan Poeoen anoe kapapatenan téa, noeroetkeun pitjadangeunana.

Oepami anak oerang *Kadjeroan* aja anoe kawin, djadi geus *koerenan*, éta koedoe aja anoe geuwat dikaloearkeun biasana anoe geus kolot, soepaja di kampoeng djero teu leuwih ti 40 koeren.

Oenggal kampoeng djero aja Poeoenna, djadi aja tiloe poeoën sadajana,

Eta kampoeng djero tiloeanana mandjang, ngoedjoer ti Kidoel ka Kalér, lénang linjih bareresih.

Imah Poeoen anoe pangkidoelna *njanghareup ngalér* atawa panggirangna njanghareup ngalér, teu meunang aja adegan sédjén sakidoeleunana, ari imah oerang djero anoe sédjén ngadjadjar djadi doea baris, sisi koe-lon djeng sisi wétan, sabangoen sapotongan saatoeran. Ari di toengtoeng beulah Kidoel aja *balè njanghareup ngidoel*, djadi pahareup-hareup (paeunteung-eunteung) djeung imah Poeoen.

Satoekangeun balè beulah katoehoe aja imah lisoeng disaoengan. Oenggal toekangeun imah aja leuit.

Imah-imahna měh saroea haé djeung imah oerang Soenda di pagoenoengan (pasian), tihang kai dibilik, hateupna kiraj, woewoengna koe indjoek, kolong imah loe-hoerna 1 M dipaké parandjé. Paranti toeroen oenggal ka imah maké *papanggè* Ka hareupna maké tepas atawa émpér. Sisi papanggé koedoe baé naranggeuh lodong atawa kélé dieusi tjai.

Pantona rada pendék djeung singget (Nja tjara panto imah oerang sisi baé) tengah imah ngoblog, di dinja ajana pakara, gedogan, woeloekoe, patjoel, papakéan, dj. s. t. raweuj biasa pabalatak. Di sisi bilik toekang beulah kentja aja parako, di sisi beulah Kidoel aja samak ngagebar djeung anggenna, (didjedjelna lain koe kapoek, tapi koe siki kapas ditjampoer kararas), nja ieu engonna paragi sare. Salawasna oerang Badoej mah saréna koedoe *njanghoeloe ngidoel*.

Dina para seuneu koedoe baé aja *koessi* (bangsa salipi, kanéron) ngagantoeng, anoe di-djieunna daoen tjangkoeang dianjam, nja éta wadah *oejah kaboejoetan*.

Di djero imah moelek koe. haseup, pararoék, da ngan aja *lolongok* baé hidji, dina bilik toekang bangoenna pasagi disaririg koe awi, anoe minangka djandélana téh.

Dina bilik koedoe baé aja keris djeung gobang. Dina pamidanganana (galar) sok aja eunteung leutik noe alihan téa, paranti awéwé ari -ngaloeis.

Imah Poeoen ogé nja tjara kitoe baé ngan leuwih gedé.

Ari éta balé téa pandjang, roebakna 5 M langgongna 3 M. gawéna paragi koempelan, paragi rioengan, paragi mantoon (soekan — soekan minangkana), paranti haha-

djatan, moetoes perkara djeung sadjaba ti éta (Tingali engke di pajoen). Pantona doea kentja- katoehoe. Panto anoe hidji leuwih loehoer batan anoe hidji deui, nja ieu paragi asoep Poeoen, di djerona ogé maké doea hambal, sapotong loehoer sapotong handap, kira — kira 3 d M oempakanana; dina bilik toekang *lolongok* pasagi minangka djandéla.

## Poeoen

Pangkat Poeoen teh toeroen — toemoe-roen tjara boepati, sarta anoe digadang — gadang pipooeneun koedoe geus ditang-toekeun koe Poeoen keurna hiroep kénéh.

Poeoen bogana bodjo sabisa — bisa koedoe ka anak poeoen deui ti lemboer sédjén; sarta salawasna koedoe boga pamadjikan, lamoen bodjona maot koedoe eureun tina djadi poeoen, sabab boga bodjo mindo mah, *tura*, nadjan éta mah lain boejoet, tapi geus djadi adat, tara tjroek — tjrek tjara oerang; éta téh kabéh oerang Badoej mah kitoe, lain ngan poeoenna baé; teu aja, noe boga popotongan, maroe atawa basa tére téh. Poeoen anoe djadi Boepatina, naga-heujeuk nagara ngahiras djadi kapala agama, anoe nanggoeng beubeurat djiwa saba-wahanana.

Meureun pareboet pada hajang kapilih djadi Poeoen moen di oerang mah!

Henteu, oerang Badoej mah! Nadjan Poeoen anoe djadi ratoena, pangmoeljana pangkawasna, tapi réa anoe tjeurik ari kapilih kana djadi poeoen téh, tapolana aja anoe minggat mitjeun manéh, (Tjara Ki Djapar oerang Badoej anoe aja di kaboopatén Serang) Ari lantaranana, nja éta tina inget kana *tanggoenganana* kana *beubeuratna* kana *papaitna* anoe djadi wadjibna.

Toemerap dina rasana *papait* anoe djadi Poeoen, koedoe djadi wawakil Batara Toenggal téh, koedoe ngaraksa djeung nangtajoenggan djiwa sapangeusi Badoej. Lain deui djeung di oerang, djelema téh ngan haripeut inget kana mamanisna woengkoel.

Poeoen ngadjalankeunana pamaréntah dibantoe koe Girang Seurat anoe minangka *papatihna* (lain secretaris), djeung koe *pangasoech kokolot*.

A. Uka

Dina keur rioengan — rioengan, keur hadjatan atawa naon — naon baé gawé kaperloean agama, Poeoen téh misah ti anoe réa dileuwihkeun ti sasari diadjenanana, ditenggangkeun kahormatanana, sarta dina waktoe kitoe tambah diagoengkeun koe se-sabotan, harita mah tara disareboot Poeoen, tapi: **Girang Poedja**, atawa **Sarangèengé** atawa **Karolot**.

Ari nampa gadjih mah Poeoen téh henteu, ngan padjegna ka Goepernemén ditanggoeng koe sarérea, imahna meunang imah kaprabon, diadjénan dileuwihkeun ti anoe sédjen. Pangoepadjiwana nja matjoel koe manéh baé Poeoen ogé, goear tanah tjara anoe lian, teu pisan aja bédana ari dina kitoenan mah.

Anoe djadi **Girang Seurat** djeung **Pangsoeh kokolot**, ieu diangkatna koe Poeoen, henteu aja pisan kaoentoenganana, ngan pangkat kahormatan baé, anoe djelemana teu nampa pangadjénan, da anoe lian basana ka éta pangkat téh, basa tjara ka sasamanan téa baé, ngan woengkoel kapapan-tjénan gawé.

Babakoena gawéna nja éta ngatoer djeung ngoeroes **hoema-sérang** (Haitina: hoema anoe koedoe digarap koe sarérea, sarta beubeunanganana anoe sarérea, keur kaperloe an dina hahadjatan agama. Tingali di pengker), dina hadjat *Kawaloe*, dina ngoeroes merbait lamoen aja anoe kapapaténan djeung ngatoer oeroesan agama. Ari *Kokolot*, lian ti djadi tangan — tangan atawa pakatjar Girang Seurat, nja éta djadi toekang maréntah djeung ngatoer oerang *panamping* deui.

Kadjaba ti Poeoen, Girang Seurat djeung Kokolot, aja deui: *parekan*, réana *toedjoeh djelema*, anoe djadi réngréngan dina nimbang perkara agama atawa drigama, anoe koedoe dibarempoegkeun koe Poeoen.

### Hoema serang

Di oenggal sisi lembar anoe tiloe téa, aja saloewoek tanah beunang milih Poeoen, anoe koedoe digarap koe sapangeusi lemoer éta nja éta anoe dingaranan *hoema-serang* téa.

Aja deui saloewoek, anoe koedoe digarap koe sarérea ti anoe tiloe lemoer téa, ieu ogé *hoema-serang* kéneh.

Beubeunanganana tina hoema — sélang téh pikeun hahadjatan, hadjat laksa. dj. s. t.

Dina prakna ngagarap hoema — sérang, Poeoen, Girang Seurat ogé miloe digawé, dipantrang pisan teu meunang njidoeh teu meunang ngésang, teu meunang kiih; éta sababna sabotna digarawé tara ngarinoem. Baroedak djeung awéwé teu meuang milöe digawé.

Bibit pelakeuneun di hoema — sérang téa koedoe anoe asal ti hoema — sérang kénéh, henteu meunang sambarang paré.

Anoe ngadjedeman hoema-serang ti mittembejan nepi ka diboeatna, nja Girang Seurat téa.

Paréna diampihanana di *balé*, lain di leuit. Makajana poegoeh waktoena, henteu sakakanaka baé, bareng sarérea teu meunang pakarentjilan, nja éta:

Njatjar	dina	tanggal	28	boelan	Sapar
Ngabersihanana	"	"	22	"	Kanem
Njoendoetan	"	"	17	"	Kapitoe
Tebar	"	"	22	"	Kapitoe
Ngojos	"	"	18	"	Kasalapna
Diboeat	"	"	7	"	Kasa.

Saréngséna tina oenggal gawé téa koe maranèhanana dianggap rijaja, sarérea baleberesih marakè papakean sarwa bodas anoe haradè, saroekan-soekan, malah dina mentas Tebar (minangka tandoer) mah, maké nabeuh *angkloeng* sagala roepa.

### Kawaloe.

Ari pèsta anoe panggedèna nja éta dina hardjat **Kawaloe**, minangka tanda soeka arék panèn, nohonan papagon agama. Pèsta kawaloe téh tiloe kali, nja éta ka hidji: *Kawaloe-milembej*, dina *boelan* Kasa, di mana paré geus asak, tèréh dipiboeatan, minangka *njalin*.

Ka doe: *Kawaloe-tengah*, dina *boelan Karo*, saréngséna diboeat,

Ka tiloe: *Kawaloe toetoeg*, dina *boelan Katiga*, sanggeus ngakoet ampih paré.

Waktoena éta anoe tiloe *Kawaloe* ditangtoekun koe Poeoen Tjikeusik.

Kawaloe toetoeg, ditèma koe *hadjat laksa* éta.

Prak-prakanana pèsta kawaloe, kieu:  
Dina poèan pèsta tèa isoek-isoek djelema-  
djelema koempoel di kampoeng-djero, nja  
babakoena di balè tèa, beunang marakè  
ance haradè

Girang seurat djeung djelema anoe kapilih,  
broel ka imah Poeoen, gek darioek di tepas,  
dek njarieun *antjak*, samèter pasagi gedèna,  
koedoe njién salapan. Tanggangè koedoe  
anggeus, sok baè *antjak* tèa mah di tepas  
Poeoen.

Doea djelema anoe mentas digawè koe  
Girang-seurat dipetakeun kana njapoean  
djalan, ti imah Poeoen ka balè, koedoe  
lènang pisan. Sarèngsèna sasapoe koempoel  
deui di imah Poeoen, sarta sanggeus kira-  
kira sapanjeupahaneun broel Poeoen, Gi-  
rang-seurat djeung sakabèh djelema téa  
ka waloengan, leumpangna ngantaj, pada  
marawa handjoeang beureum.

Barang geus daratang ka sisi waloengan,  
prak ngaralaan badjoe njoepnak iket, tjolom  
handjoeang dikanatjaikeun dipakè ngéprétan  
sirahna. Loeng handjoeang teh dipalidkeun.

Tidinja kakara ngaralaan samping sarérèa,  
broes marandi, tapi teu meunang geroeh  
teu meunang haliwoe.

Ti waloengan broel deui ka imah Poeoen,  
brak bararang dahar di tepas, ti dieu broel  
sarérèa ka balè,

Sabot lalaki keur njién *antjak* di imah  
Poeoen, awèwè-awèwè digawé di imah Gi-  
rang-seurat, njañiakeun keur sidekah tèa.

Sanggeus kadaharan asak, toeloej dibawa  
ka imah Poeoen dipasrahkeun ka pamadjikan  
Poeoen, prak ngeusian *antjak* noe sa-  
lapan tèa.

Anoe saantjàk eusina seupaheun (pinang  
samajang, seureuh 20 beungkeut, apoe 10  
boengkoes), ieu *antjak* *disochoen* koe anak  
Poeoen dibawa ka balè, ditampanan koe  
G. Seurat, toeloej dibagikeun.

*Antjak* anoe sawaréh deui dieusian sa-  
ngoe djeung lalawohna, ieu mawana ka  
balé diatoer.

Mimiti anak Poeoen nangtoeng di boeroean,  
njanghareup *ngelon*, sok *antjak* sina  
ditampanan koedoe ditanggeuj, kakara ngèsèd  
ngalèr (ngalèngkah ka gigir, teu meunang  
malik), djol ditèma koe anoe sèdjén dina  
oeroet nangtoeng anak Poeoen tèa, sok deui  
sina nanggeuj *antjak* anoe ka doea; sed

deui ngèsèd anak Poeoen tèh, ditoetoerkeun  
koe anoe pandeuri, sareng saladjengna ma-  
djoena ka gigir ngabaris nepi ka balè.

Di Balè ditampana koe Girang serat.

Breg awèwé lalaki ka balè, sarta brak  
ngarioeng; tapi kadaharan djeung seupaheun  
tèa mah diberekat haè henteu diteda di dinya.  
Kakara boobar.

Di imah Poeoen geus sadia kadaharan  
deui, sarta saboobar anoe ti balè, ieu ogè  
dibagikeun saidangan doeaaneun sèwang,  
ka boedak-boedak kabagi; nja ieu anoe di-  
dalahar téa mah lain anoe ti balé téa.

Ka balé ogé aja idangan anoe dibawa,  
bisi aja anoe lian, sémah atawa oerang  
kampoeng loear, dalaharna nja di balé.

Méméh prak dahar, henteu ngadoa heula,  
tapi . . . top njomot sangoe sakeupeul,  
sok dina paloepoeh, tjong maranéhna *njem-  
bah*, pék sangoe anoe satjomot téh dikana-  
emboen-emboenankeun, kakara brak dala-  
har. Ngan dina waktoe ieu meunangna  
dalahar sanggeus soeroep panon-poé téh,  
sarta soepaja teu poék marakè obor koe  
tamiang (boenar).

Doeda djeung djadjaka teu baralik, toe-  
loej baé soeka-soeka di balé mararantoon  
ngatjapi silih genti.

Djanari djol Poeoen datang ka balé rék  
njokot paré beubeunangan ti hoema-sérang  
téa, dipasrahkenn ka awéwé-awéwé sina  
ditoetoe, keur njién *laksa*.

Ari hadjat *laksa*, kieu atoeranana:

Saméméh Kawaloe-toetoe, ti anggalna  
kénéh, Poeoen geus maréntah moro, koedoe  
meunang hiroepna:

Mentjek, peutjang, boeoet, peusing. Ari  
ti waloengan koedoe meunang: soesoech,  
hoerang djeung laoek tjénang.

Dina waktoena hadjat, geus sadia tipoeng,  
toeloej sawaréh didjieun laksa, sawaréh  
didjieun bonéka.

Bonékana, beungeutna dibaloer koe konéng,  
biwirna diloeahan tjara anoe njéupah, boeloe  
panon djeung halisna dihideungan koe ha-  
ranggasoe; Ari anoe kapapantjénan njién  
bonéka teh, pamadjikan Girang Seurat.

Sanggeus éta bonéka rada toehoer, sok  
di dioekkeun dina njiroe (anoe didjieunna  
daoen kawoeng), rap di dangdanan. Saka-

toehoeun bonéka diteundeunan lantjah ma-oeng, sakentjaeunana diteundeunan soesoh, hoerang djeung keujeup. Eta kabéh diwadahan deui dina tampir (tawoer) anoe pinoeh koe takir (tjeuk oerang Baoej mah téké, nja éta daoen tjaoe dipintjoekkeun, dieusi laksa téa, réana sadjoemblahna lalaki anoe geus sawawa di sakampoengna. Eta takir daoen tjaoe dipaslangkeun djeung daoen tjang-koeang, dibangoenkeun dijedjelemaan, réana saréana awéwé.

Heuleut doea poé ka tiloena ti mentas kawaloe téa, bring tampir bonéka téh diiring-iringankeun dibawa ka leuweung. Sok diteundeun sarta mémèh ditínggalkeun, Poeoen mapatkeun djampé heula, kieu pokna:

*„Poen, poen, poen! ngatoerkeun peutri geulis lelandjar èndah, perawan entang-entangan, basana njanda njerangga kana emas galigiran ngatoerkeun ka soesoegoehna, rongkèng, mangka tjoekkoel sing barang ha-toeran meunangan sing barang witjara njilep ladandep songgang babaja mangka djaoeh ka bali.*

Sakoeriling tampir (tjeuk oerang Badoej mah: tawoer, ditantjeban toetoembakan njéré kawoeng, saréana lalaki anoe aja harita. Ngan beulah kidoel dikolowongkeun, nja éta pidjalaneun Batara Toenggal, sarta disadiaan roeas awi tiloo, dieusi *wajoe* (bangsa toeak, matak mabok), *tju* djeung *tjeungtjéum* (angeun) didjaga koe langgir hiroep.

Broel saréréa mah maroelang, ngan kari *kokolot* baé saoerang, toenggoe ngintip di sisi leuweung sakeudeung.

Engké *kokolot* téh ngagero sataker tanaga, sing kadéngé ka lemboer, sarta ger ditém-balau koe tatabeuhan, naon baé anoe beunang ditakol mah ditabeuh, datang ka ngagoeroeh, atoeh awèwè-awèwè ger toetenggoelan.

Baroedak kabéh sina ngádedempés di imah. Ari éta ngarak boneka teh, minangka *babakti istri* ka Batara Toenggal, soepaja nangtajoe-nagan ka manehna.

Ari ieu kokolot ngagero tadi djeung rame toetenggoelan sagala roepa tea, eta tanda *noembas* (Geuning di Soenda oge aja keneh adat noembas koe njeungeut bedil atawa mariem).

Sanggeus salse, toeloej marandi deui di waloengan, sarta ger lalaki ngarioeng di bale, ari awewe-awewe di imah G. Seurat, ahar balaketjrakan lalawoehna make laoek mentjek, peutjang, boeoet djeung peusing, anoe beunang moro tea. Memeh prak dahar ajeuna mah didoaan heula koe Poeoen.

Oerang Badoej leuwih djarangkoeng ti oerang Banten, sapantar djeung oerang Priangan. Waroegana sareseg djeung koeat; leuwih bisa leumpang di noe nandjak moedoen tinimbang di noe datar.

Pakoelitanana semoe koneng, teu aja anoe hideung, paromanana hadé, méh euweuh anoe garéng patoet pisan, komo awéwéna mah. Anoe tan padaksa teu aja. Berséka, marandi sapoë doea kali.

Oepama oerang gok djeung oerang Badoej, koe sabréhan ogé oerang bisa ngadoega sipat atina, anoe geus kaoetara kahadeanana sakoomaha anoe geus kaaroeninga, sok ditjararitakeun dina boekoe-boekoe.

Atra tetela dina beungeut oerang Badoej, gambar sipat kadjembaran hatena, lain klangkang noe loek-leok, ngolembar babari gedag. Moenggoeh di oerang Badoej mah, teu aja pajangkad-pojongkod kajap-kejep, balaham bélém téh, ieu mah teteg antjeg panger teger, nadjan njangareup ka saha bae. Boedi gambar balaka, taja karempan, pertjaja kana dirina, teu rioek koe gebrag deungeun, dina beungeut oerang Badoej beunang dibatja koe saréréa,

Sabalikna ti tatanggana noe lian, anoe, memeh hol djelemana kapan pojongkod, mawa sebér ati mangmang, sieun kasawoer koe rendjag, norodjoltempong miheulaan noe bogana. Oerang Badoej éstoe weuteuh, tjeré satjérélénna adat watek warisan ti Padjadjaran, tatjan kalambon koe panggoda pangropéa sémah, anoe sok naratajan tépa ka priboomi. Nja ieu gambar watek, ati, djeung taladjak Soenda toelén anoe saenjana mah.

Saoer Prof: Véth. ogé, lantaranana pangbangsa Soenda djadi borangan, boga sipat abid (rasa hina tjara boedak beulian) kam-pad-kompod, koemawoela dibélaan hina,

kaapesan diri dipakê ngagoengkeun batoer, tjindekna roeksakna sipay kamoeljaan hatêna Soenda, taja lian babakoena ngan koe panandasana anoe maréntah.

Atikan kana lempengna lakoe, henteu di loemajankeun, nadjan aja kasoeakan mantoen djeung ngawih ogè, lain méréan djalan kana roetjah. Baroedak lalaki anoe geus **disoendatan** teu meunang saré di imah kolotna, tapi kabéh koedoe sararé di *balé* téa, nja kitoe deui djadjaka anoe teu atjan laki-rabi; sarta ditoegoeran ditalingakeun diatik koe hidji kolot. Ari beurang liar kana gawé, tamba nganggoer diselang mantoen, teu dioembar kana ngalamoen njarongan. Ti barang soeroep panon-poë, sakabéh eusi balé teu meunang aja noe liar.

Laki-rabina kabéh loeloes roentoet, teu aja anoe pepegatan. Lamoen kadjadian aja anoe patjogrègan nepi ka rék pepegatan, éta geuwat dipariksa disoesoed marga lataranana koe Poeoen djeung réngrénganana téa. Saha anoe katimbang salah, toeloëj baé diboeang salah sahidji, atawa lamoen salah doeanagan, nja doeanagan ditoendoeng, Poeoen anoe ngaragragkeun hoekoem.

Nadjan oemoer 7 taoen, geus dikaloearkeun tina golongan boedak, koedoe noeloeng gawé kolot, tapi oerang Badoej teu aja anoe ngawinkeun *boedak*, tjara anoe ajeuna sok kapendak di bangsa oerang. Oerang Badoej mah teu aja anoe kawin mémeh oemoer 15 taoen, biasana leuwih, nja éta lamoen geus ngarasa sarta katimbang tjoekoe pannemoe geusan hiroep laki-rabi. Saoer toeant Dr. Jacobs; „awéwé oerang Badoej, ingetanana djeung pahamna kana boga salaki; deukeut atawa deuk ngabanding ka awéwé bangsa Eropa.”

Oepama aja djadjaka anoe boga deuleu, aja landjang anoe soeroep kana lelembutanana, lila dikantanankunana, sarta dimana geus aja oentoepan kana maradahna, sok toloej ngoemaha méntha toeloeng ka kantjana anoe sapapait samamanis djeung manéhna, sina ngolongan ka kolot awéwé. Si Mitra miloe nanggoeng papait lara wirangna koedoe didjaga. Dimana geus aja erongan, sarta djinis teu aja barébédanana, dioeseupan koe sindir

basa sandi djeung siloka, kakara si kantja téa datang ka kolot awéwé mawa seupaheun, rek **manganjaankeun**.

Lamoen seupaheun *ditampa*, kakara kedal tjarita nanjaan téa.

Tapi . . . kolotna nampa têh geus asak badami djeung djinis, teu gana-gana narima lamoen djinis atjan poeroen atjan pandoek. Di Oerang Badoej teu aja *kawin paksa*, teu aja *pangrèrèmo kolot, koedoe soeka pada soeka*, kabaroeng kadoa kolot awéwé.

Ti sanggeus ditampa panglamarna, pangtérélina koedoe béné-beureuh (papatjangan) doea boelan lilana, kakara nikah. Papatjanganana têh koedoe kasaksi koe Poeoen sarta diémbarkeun ka sarérêa.

Ti barang béné-beureuh, pipanganténeun awéwé djeung lalaki têh teu ara paomong, sarta patepoeng ogè sabisabisa oelah mindeng teuing, tapi koedoe katjar anggang.

Dina waktoena kawin pangantén lalaki koedoe mawa ali pérak atawa tamaga keur pipamadjikaneun djeung saboek tinoen, ieu tanda ngadjadikeun lamoen ditampa koe awéwéna, sabab sok radjeun ogè saar, teu djadi kawinna lamoen robah haté awéwé di sadjero doea boelan téa. Tapi langka pisan aja kadjadian kitoe têh.

Poeoen, ance nangtoekeun poéan kawin têh, nja éta diitoeng noeroetkeun palintangan anoe ninggang di moestarina.

Nepi kana mangsana kawin, bring bésan djeung pangantén lalaki ka imah Poeoen.

Bapa lalaki masrahkeun (mikeun) anakna ka Poeoen, koe Poeoen ditaima, djadi éta djadjaka ajeuna diakoe anak Poeoen; pok Poeoen ngarapalan anoe koedoe ditoeroctan koe pangantén téa, kakara sok dipasrahkeun ka mitohana, katampa ti leungeun Poeoen, sina dipasrahkeun deui ka anakna awéwé téa, anoe ajeuna geus djadi **rabina**, koedoe **miboga** éta djadjaka djadi **salakina**. (¹)

Sanggeus bérés toeloëj hadjat, sarta pangantén koedoe hoeap-lingkoeng, tempatna di *balé*. Dina hahadjatan kieu Poeoen dioekna ngan sorangan di *balé* hambalan lochoer téa, njanghareupan pamasangan, ari anoe sédjén mah kabéh di hambalan handap.

Harita sok ngarinoem *wajoe* anoe matak mabok téa.

Tepoengna pangantén awéwé djeung lalaki, nadjan keur ninggang dina goenoeng soeka, koe anoe djadi lalaki koedoe aja anoe dipapatkeun babatjaan, kieu pokna: „*Tjoepoe manik tangkal dada, tan koemala eusina koemala inten.*”

Ngomong kitoe téh bari rap manéhna njagap soesoe panganten awéwó. Djeung omongan ieu deui: „*Malekat tjoelook kawati, moelita rasaning Allah.*”

Orok dibéréanana ngaran koe Poeoen, sarta tepi ka paéh tara goenta-ganti ngaran. Ngan lamoen geus boga anak sok katelah koe anak.

Tadi di loehoer ditjarioskeun jén oerang Badoej téh disoennatán, malah di oenggal lemboer aja *bèngkong* (paradji soenat); pakasna babango biasa baé. Méméh bret ngeureut, *bèngkong* mapatkeun djampé, kieu pok — pokanana:

„*Poen! Sirep sari koening, sang rintjing-rintjing eukeurna boemi tatjan deuk ngaropu, kakara deuk awaking djeung noe rompés tiis bekanning biri leuwi, rep sirep keuna koe sirep sari koéning!*”

Oepama aja anoe gering, nja sok dioebaran, ngan ngoebaranana lain ngingetkeun kana hajang téreh tjageurna, tapi ngan tamba soepaja karasana oelah rjeri teuning da ari tjageur henteuna mah koemaha kersana Batara Toenggal.

Oepama aja anoe maot, dina imanna njawa téh disaoer koe Batara Toenggal.

Anoe maot dikoeckoesan, menjanna: tjangkang doeckoeh toehoer, kajoe — garoe, djeung akar djamaka.

Majit dimandianana di loear koe kokolot téa.

Bari njiraman manéhnah mapatkeun djampé ieu:

„Poehatji balak bahan djati ngaran sirah tjai.

„Poehatji keliran djati ngaran sisi tjai,

„Poehatji inggoelan djati ngaran batoe,

„Poehatji tasik manik ngaran keusik,

„Poehatji lèngsaran djati dasar tjai,

„Sang moekeji ngaran tjai,

„Sang ratoe kerepek séah ngaran paroeng,

„Sang ratoe janggara mana ngaran nja-wa tjai,

„Bersih badan sampoerna.”

Ngoeboerna majit njangirah ngoelon njang-hareup ngidoel sanggeus dikoerebkeun, aja deui anoe mapatkeun djampé, kieu:

„*Ong Ilahèng, ka ditoë oelah teu poegoeh ngadjoegdjoeagan, ka ditoë ka kavoeng anoe ngaloewoek, ka kalapa anoe ngadjadjar, ka djambé anoe ngabérès, ka si gelemeng hidéung!*”

Oepama aja anoe katinggal maot koe salaki, heuleut tiloe taoen; meunang boga deui salaki, ngan tara daraékeun tina toe-hoe ka salakina noe maot téa.

Kadaharanana nja mèh sami baé sareng oerang Soenda noe lian. Aja anoe njarios kieu:

Oerang Badoej sok ngarala loetoeng, di peupeuh koe gegendir nepi ka paéh. Rap dibebed loetoeng boengkeuleukan téh koe oepih, sok digantengkeun di para seuneu:

Engké aja noe njaktjlakan tina oepih téh, tjai loetoeng téa, ditandéan koe katoeng.

Oepami maranéhanana ngangeun hiris, sangkan oeplek, sok ditambahon koe tjai anoe tina katoeng téa. Ieu téh djadi kanimatan pohara wartosna.

Nedana sadinten tiloe kali, isoek — isoek, tengah poé djeung soré saméméh sareupna.

Kongkorongok hajam sakali, djanari — djanari, sadaja awéwé hararoedang, teu aja anoe ngaloeloengkoet ngararasakeun kange-doel sarta prak miroen seuneu naheur tjai toeloej njangoe keur njadiakeun dahareun isoek — isoek.

Lalakina ogé tara aja anoe hoedang kapi-heulaan koe panon-poé; sarta sanggeus moemoeloek broel kabéh kana gawé satjabakna — satjabakna.

Papakéanana beunang ninoen awéwéna teu kaselapan beunang meuli sarta ngan bodas djeung boelao baé. Ari kana roepa anoe sé-djen mah soemawonna maké, dalah njeboet oge boejoet. Saperti kana *beureum*, teu meunang njeboet beureum, da boejoet, koe-doe *siang*. Kana *hideung* koedoe *peutjeuk*.

Nja kitoe deui réa sato atawa barang sédjén anoe djadi pantrangan, teu meunang diseboet ngaranna, tjontona:

Kana *meri* koedoe *kotok* dempél.  
Kana *embè* koedoe *mentjék kolong*.  
Kana *beurit* koedoe *sato geulis*.  
Kana *koeda* koedoe *toetoempakan*.  
Kana *moending* koedoe *tjotjooan*.  
Kana *sigoeng* koedoe *peutjang baoe*.  
Sareng saladjengna. Tapi dina waktoe  
mantoen teu aja kapantrang, njeboet naon  
baé kēnging.

91

Eta kawali didoepak,  
koe adjar. Keur waktoe tadi,  
samemehna diboekaän,  
koe adjar ḥenggeus ditarik;  
ninggang ka sisi tjai,  
dina sakoloneun lémboer,  
ngaranna Sela pandjang.  
Mana disēboet Kawali,  
sabab eta kitoe dina tjaritana.

Red K  
Wawatjan  
Babab  
Galoeh

Tadi parantos ditjarioskeun jén di oenggal para seuneuna aja *koesi* ngagantoeng, wadah oejah nahoen téa. Eta oejah téh djadi barang poesaka anoe toeroen toemoeroen diwariskeun ka anak intjoena; aja anoe geus téu mangroepa oejah tina koe heubeul-heubeulna. Ajeuna mah diarampihan dipoesti-poesti téh, geus lain inget kana goenana, tapi ingetna téh kana *poesaka téa*, tanda toehoe ka karoehoen.

### **Wawatjan Babab Galoeh.**

Pangkoer.

*Samboengan P. S. No. 8.*

89

Toeloej adjar seuseurian;  
hēnteu pisan manahna soekér saeutik,  
Kadjeun teuing ratoe bēndoe,  
manahna hēnteu soesah,  
da geus tangtoe eta kērsana Jang A-  
[goeng]  
moal beunang diobahan,  
boedak mēdalna lalaki.

V. Poepoeh Sinom.

90

„Tjing, ajeuna geura boeka,  
koe kami sing katingali.”  
Barang brak dibaroekaän,  
kawali hēnteu kapanggih,  
geus leungit tanpá lēbih;  
kantoen beuteung Oedjoeng njēmploe.  
Troes reuneuh sajaktosna.  
Heran kabeh noe ningali;  
tambah-tambah ratoe bēndoe sērta wi-  
[rang.]

Toeloej adjar diboaboerak,  
Koe ratoe dititah balik.  
Barang adjar ḥenggeus poelang,  
ratoe nimbalan ka patih:  
„eh, patih djeung pramantri,  
geuwat koe maneh saroesoel,  
adjar geura paehan,  
tjatjag mangka bidjil peudjit.”  
Toeloej boedal patih reudjeung balad-  
[balad]

92

Adjari kasoesoel di djalan,  
dirodjong koe para mantri;  
ditjatjag ditaroembakan,  
tapi teu mēntal sahidji.  
Kris, toebak reudjeung bēdil,  
kabeh eta mararintoel,  
taja noe teurak pisan.  
Toeloej ki patih ngalahir:  
„kērsa ratoe, adjar, koedoe dipaehan.”

93

„Ditoembak koedoe gētihan,  
sarta koedoe tidjoempalik.”  
„Eh, koetaq kitoe kērsana,  
soémangga bae, ki patih.”  
Mana kitoe geus djandji,  
da kitoe kērsana ratoe,  
toeloej adjar ditoembak,  
sarta baridjilan gētih,  
tapi eta gētih teh herang katjida.

JL NCO 141

Noe matak di dinja aja,  
ajeuna teh ngaran tjai,  
Tji-beureung djeung Tji-kédèngan,  
Tji-hideung Tji-koneng deui,  
Tji-herang hidji deui,  
noe aja di sisi lémboer,  
margana teh di dinja,  
tina gétih adjar tadi,  
tah, sakitoe poerwa aja ngaran eta.

Njai Oedjoeng sékar djingga,  
geus dongkap ka waktoe lahir,  
mëdal pamégét poetrana,  
roepana kasep teh teuing,  
moeloes salira siwi.  
Ditjabak-tjabak koe ratoe,  
aja sora teu karoehan.  
oengélna: „lamoen noe sérlik,  
tangtoe pisan dibalésna leuwih lara.

Geus kitoe, ratoe ngamanah:  
ieu moal naon deui,  
mo liwat ti eta boedak,  
mangke nganjénjeri aing.  
Geura baroeang, path,  
éta boedak bisi hiroep,  
koedoe paéhan pisan,  
ajeuna meungpeung keur leutik.”  
Patih njembah: „soemangga kërsa gam-  
paran.”

Patih mah njaäheun pisan,  
ka eta teh moerangkalih,  
patih ngabidjilkeun akal,  
bari mawa moerangkalih.  
Njokot kanaga hidji,  
montjorong tjahaja hoeroeng,  
sabab kanaga teh mas,  
djeung njokot èndog sahidji,  
reudjeung mawa sahidji kalapa asak.

Kanaga teh dieusian,  
nja eta koe moerangkalih,  
sarta èndog djeung kalapa  
ditjampoerkeun djadi hidji.  
Geus kitoe, nganggo rakit,  
dipalidkeun ka Tji-tandoej.  
Ditoenda tjaritana.  
Ajeuna kotjapkeun deui,  
aja djalma ngaran Aki balangantrang.

Di dinjana hënteu apal,  
Peuting harita teh ngimpi,  
ngimpi katinggang koe boelan,  
reudjeung katindih koe langit.  
Hoedang njambat ka nini:  
„isoek-isoek, waktoe soeboeh,”  
—sarta bari tjarita—  
„aing tadi, nini, ngimpi,  
langit nindih reudjeung katinggang koe  
[boelan,”

„soegan mah saäpan oerang  
oentoeng ti batan sasari.”  
„Aki, geuwat, geura teang.”  
Aki-aki gantjang indit,  
barina alak-ilik,  
reudjeung bari dikoeckoedoeng  
Datang ka poepoedoenan,  
aja tjahaja katingali;  
diprantjahan: „djoerig njingkir, setan  
[njingkah.”

Tetela dina saäpan,  
aja tjahaja katingali.  
Aki teh seug babatoekan,  
bawaning koe gimir ati.  
Ti dinja Aki mipir,  
tjahaja teu katingal hoeroeng;  
ngan ningal aja kanaga.  
Toeloej dibawa ka sisi,  
seug diboeka, aja boedak kasep pisan.

Aja endog djeung kalapa.  
Digeuwat dibawa balik.  
Aki teh atoheun pisan,  
datang njeloekan ka nini:  
„nini, ka dieu bidjil,  
geura ieu aing nimoe,  
moerangkalih kasep pisan,  
oerang djieun anak, nini,  
ari endog djeung kalapa oerang pélak”.

Moerangkalih dipiara.  
Geus lawas sok diaäis.  
Geus emoet, nanjakeun rama.  
„Aki, saha bapa koering?”  
„Eh, djang, nja ieu, Aki,  
apan bapa ti ka poengkoer”.  
Moerangkalih ngabéndoean.  
„Moal enja maneh, Aki,  
Nini, Aki ka koela tjoemah miara”.

„Hajoe, oedjang, ka nagara,  
di ditoe sadoeloer Aki,  
ajeuna oerang teangan,  
noe ngaran Empoe Andjali,  
tangtoe bakal kapanggih,  
mangke rama saréng iboe”.  
Kotjap toeloej laleumpang.  
Datang ka leuweung teh manggih,  
mancek tjioeng eunteup dina kakaian.

Moerangkalih toeloej nanja:  
„Aki, naon dina kai,”  
Ki balangantrang wangsoelna:  
„manoek tjioeng eta pasti”.  
Teu lila manggih deui,  
anoe ngarandang di loehoer,  
gek dioek di dahanna.  
„Aki, itoeh, naon deui?”  
„Moen teu térang, eta teh ngaran wa-  
[nara”.

„Hade keur ngaran kaoela,  
Tjioeng Wanara teh, Aki”.  
Ki balangantrang wangsoelna:  
„soemangga, sakërsa ngiring”.

.....  
mrika ka Empoe Andjali:  
„anak maneh pribadi  
atawa nja anak poeloeng?”  
Poe Andjali ngadjawab:  
„meunang doeloer abdi manggih  
ti saäpan diwadahan koe kanaga.”

Ratoe gantjang moendoet katja,  
ningali raraj pribadi,  
ladjéng ningali poetrana.  
„Naha sakaroepa teuing!”  
„Aeh, aeh, Poe Andjali,  
anak maneh oelah miloe,  
penta bae koe oerang,  
rek diakoe anak kami.”  
Ki Andjali hatoerna: „soemangga pi-  
[san.”

Ratoe parantos boebaran,  
kërsana moelih ka boemi.  
Tjioeng Wanara, Hriang Banga  
baréng djeung Maradjá sakti,  
kërsa ngiring ka boemi;  
kabeh pada nganggo pajoeng,  
nganggo padjéng kapoetrán.  
Ngagoeroeh sora noe ngiring,  
para garwa, sélir parékan, pawarang.

## VI. Poepoeh Midjil.

Kangdjéng ratoe geus moelih ka boemi;  
gek tjilik di djéro,  
dikoempoelkeun poëtra-poëtra kabeh.  
„Hariang bangá, Maradjá sakti,  
Tjioeng Wanara, anak ing,  
kadarieu koempoel.”

,Ieu ama arek mantji-mantji,  
soepaja kadenge.  
Hriang Banga djadi prēoe anom,  
Tjioeng Wanara djadi pandaj beusi,  
ngaran Empoe Andjali,  
djoemlah dlapan poeloeh.

Maradja sakti, maneh teh dipantji,  
diberean gēdong  
djeung eusina sakalian bae,  
nagarana eta beh hilir,  
diberean pasti  
tanah Dajeuh loehoer."

Tjioeng Wanara, kotjapkeun deui,  
keur ngadamēl ēnggon  
pikeun djalma-djalma noe diares;  
bisi aja mantri noe sērik,  
atawa boepati,  
eta anoe kitoe.

,,Nanging, rama, nja kēdah ningali,  
bisi kirang sae."  
Ditjabakan barina ditēmpo;  
ladjēng ratoe teh ngalahir:  
,,meudjeuhna teh teuing  
beubeunangan, agoes."

,,Rama, aja panasaran abdi,  
eta noe di djero,  
wantoe atjan katingal di djero,  
hajang koe rama tingali,  
meungpeung tatjan rapih."  
Ramana seug asoep.

Bārang asoep disoeseol, dikoentji,  
ti loear disorog,  
dioesapan koe loedah bēt rekep,  
pageuh, moal bisa bidjil.  
Tjioeng Wanara ngalahir:  
,,kami meunang bioel".

Hariang banga midangēt warti,  
ti noe tjatjarios,  
lamoen ratoe geus aja di djero  
diasoepkeun ka pandjara beusi.  
,,Koe naon, kang rai,  
boga lampah kitoe?"

Pek naradjang henteu nanja deui,  
barina ngarontok;  
seug noemboekan nampiling djeung njā-  
[bok.]

Hriang banga disoeroeng ka hilir,  
ngadoeroegdoeg tarik,  
kandēg noe loemakoe.

Toeloej datang sang Maradja sakti,  
baris harewos:  
,,eta, rama, wawalēs adjar teh,  
bongan teuing rama njieun sakit".  
Ramana ngalahir:  
,,lamoen hēnteu kitoe,"

,,lamoen adjar teu paeh koe kami,  
wēkasananan teh,  
moal aja ratoe njēkēl gawe,  
tinangtoe poelo Djawa sépi  
reudjeung bapa titip;  
omong mangka goegoe."

,,Poelo Djawa, moen geus euweuh kami,  
tangtoe meureun tjektjok.  
Enggeus tangtoe parēboetan bae,  
poetra-poetra, para boepati,  
miwah para manri,  
poegoeh para ratoe".

,,Maradja sakti, maneh sing eling,  
poma oelah poho,  
noe sakitoe omongan bapa tch.  
Poepoelihan kabeh koelawargi,  
noe gēde noe leutik,  
kabeh anak poetoe".

Aja samboenganana.